

SEKIRITE POU KONDWI NAN ZÒN ANDEYÒ

Ou kapab sezi lè w konnen kote ki gen plis danje lè w ap kondwi se pa sou otowout gran vîtes yo oubyen nan lari ki chaje moun nan vil yo – men se sou wout andeyò yo. Chak ane, apeprè 70 pouzan aksidan mòtèl nan Ohio rive nan zòn andeyò yo, sa ki reprezante plis aksidan mòtèl ki lye ak alkòl, ak motosiklèt e ak veyikil komèsyal pase nan zòn nan vil yo. Chofè yo souvan gen fo enpresyon wout segondè yo gen plis sekirite akoz de trafik ki plis lejè ak mwens aplikasyon règ nan zòn andeyò yo.


Wout ki nan zòn elwaye yo kapab prezante divès danje inik:

- Wout yo pa toujou fèt pou deplasman rapid ak efikas tankou wout ki pa asfalte, sifas an gravye oubyen wout ki san antretiyen regilye yo
- Ang mò yo, pant apik, koub an wonn yo
- Lajè wout etwat ki pa pèmèt moun double an sekirite
- Mank pano siyalizasyon epi move ekleraj
- Okenn akotman oubyen gad kò, rigòl bò wout byen fon
- Obstak tankou machin k ap kouri lan yo, betay ak bèt sovaj yo, pyebwa ki tonbe, debri glisman teren yo
- Wout ray ki kwaze san baryè oubyen limyè
- Distans vizibilite limite, jaden ak move zèb wo
- Pyebwa, bwat lapòs ak poto sèvis biblik tou kole ak wout la

Sikonstans sa yo kapab mande pou kondwi anba limit vîtes ki afiche a epi itilize anpil prekosyon. Nan ka kote gen yon aksidan, li kapab difisil pou jwenn èd oubyen pran plis tan pou reponn akoz de lokal a distans lan. Men kèk konsèy pou ede ou rete an sekirite:

- Toujou mete senti sekirite ou.
- Prete atansyon epi ou dwe konsyan de chanjman nan kondisyon wout yo.
- Wout an gravye yo gen mwens traksyon, donk frennen briskeman oubyen tounen briskeman kapab fè machin lan patinen.
- Ralanti epi ou dwe pasyan dèyè veyikil lan yo. Double sèlman lè sa legal ak an sekirite.

Yon veyikil k ap kouri a 55 MPH ap pran sèlman 6.5 segonn pou pakouri 500 pye epi fè kolizyon ak yon machin k ap kouri a 5 MPH.



Aksidan akoz Sè

Lotòn ak livè se sezon pwent pou aksidan ki lye ak sè. Lotòn se pwen kilminan sezon repwodiksyon sè yo nan Ohio, donk deplasman sè yo ogmante. Avèk plis pase 22,000 aksidan veyikil ki lye ak sè yo rapòte nan Ohio chak ane, men kèk mezi otomobilis yo kapab pran pou ede evite yon kolizyon:

- Kondui avèk prekosyon nan zòn ki gen pano ki montre sè ap janbe yo.
- Sè yo souvan deplase an gwoup – si ou wè yon sè, atann lòt yo ka vini aprè.
- Peryòd ki gen plis risk yo se lè solèy kouche rive minui, yon ti kras avan ak aprè solèy kouche.
- Lè w ap kondwi aprè li fin lannwit, itilize limyè ki gwo devan yo lè pa genyen sikilasyon nan sans envès.
- Si yon kolizyon avèk yon sè inevitab, jeneralman li preferab pou w pa fè gwo kout volan – vire volan an briskeman kapab fè w pèdi kontwol machin lan oubyen fè li antre nan sikilasyon sans envès la.

